



**NOT SOU KOUMAN NOU FE SEKRE  
HEALTHY PALM BEACHES, INC.**

**NOT SA-A MONTRE KOUMAN YO KA SEVI AK ENFOMASYON SOU LASANTE-W  
EPI BAY LOT MOUN YO AK KOUMAN OUMENM KA JWENN YO. TANPRI PRAN SAN-W  
POU-W KA BYEN LIL.**

Si-w gen kekasyon sou zafè sa-a, tanpri kontakte ofisye ki okipe de zafe sekre moun nan (561) 659-1270.

KI YES KAP SWIV AVETISMAN SA-A

Nòt sa-a montre jan Healthy Palm Beaches, Inc. fè bagay yo ak tout lòt moun tankou:

- ❖ Nempòt pwofesyonèl la sante ki mete enfòmasyon nan dosye-w
- ❖ Tout depatman ki nan Healthy Palm Beaches, Inc. ak tout pwogram ke yo peye pou yo
- ❖ Nempòt volontè ke nou pèmèt ede-w.
- ❖ Tout amplwaye, ak tout lòt moun.

Depatman ak Pwogram kapab pataje enfòmasyon ansanm pou tretman, peye lajan, epi tou pou tout bagay ki regade zafè lasante jan li ekri nan nòt sila-a.

SA NOU PWOMET NAN ENFOMASYON SOU LA SANTE:

Nou konpran-n ke enfòmasyon sou tèt ou ak sante-w se bagay sekre-w. Nou sèmante pou nou gade tout enfòmasyon sila-a sekre. Nou kreye yon dosye sou ou ak tout sa nou fè pou ou nan Healthy Palm Beaches, Inc. Nou bezwen tout sa pou nou ka montre-w ke nou fè tout bagay byen epi dapre jan sa sipoze fèt. Nòt sila-a konsène tout sa yo fè pou w nan Healthy Palm Beaches, Inc.

Nòt sa-a va di-w kouman nou bay enfòmasyon sou ou nan yon seri de ka. Li montre-w dwa ke ou genyen lè li gen pou wè ak bay enfòmasyon sou ou.

Dapre lalwa nou fèt pou:

- ❖ Asirenou ke enfòmasyon sou sante ou rete sekre.
- ❖ Mete-w o kouran de tout limit nou genyen dapre lalwa nan bay enfòmasyon sou zafè sante-w.
- ❖ Swiv tout sa ki nan avètisman sa-a ke nou fèt pou respekte.

KOUMAN NOU KA BAY EPI SEVI AK ENFOMASYON SOU OU.

Kategori sa yo ap montre-w nan ki ka nou bay enfòmasyon sou sante-w. Pou shak kategori sa yo nou eksplike-w epitou baw plizyè ekszanp. Se pa shak gren-n pwen nan shak kategori ke nap eksplikew. Men tou angwo wap satisfè.

- ❖ **Pou tretman.** Nou kapab sèvi ak enfòmasyon sou ou pou ou ka jwen-n tretman oubyen sèvis. Nou kapab bay moun kap pran swen-w tankou doktè, enfimyè, teknisyen, elèv nan lekòl sante, oubyen tout lòt moun ki la pou baw la sante. Pa ekzanp, siw gen yon doktè kap eseye trete-w pou yon maling ou gen nan janm epi li bezwen konnen si ou fè sik, nan ka sa-a nap bal enfòmasyon sou ou paske li enpòtan pou doktè ya konnen sa poul kapab trete-w. Gen lòt moun tou ke nou kapab bay enfòmasyon sou ou, mou kap pran swen-w tankou manm nan fanmi-w, pastè, pè ak lot ankò. Nan anpil ka sa yo nap gen pou nou bay yon enfòmasyon espesyal.
- ❖ **Pou Peye.** Si-w pran tretman, se nomal pou nou bay enfòmasyon sou ou pou bil sa yo kapab peye. Pa ekzanp, nou kapab livre enfòmasyon sou ou bay mediked pou yo kapab ranbouse sèvis. Nan yon lòt ka, nou kapab bay lòt kote enfòmasyon sou zafè sante-w poun ka konnen si yap fè yon seri tretman pou ou, oubyen si yon lòt ajans ap genyen pou peye.
- ❖ **Sou Jan Nou Opere.** Nou kapab bay enfòmasyon sou ou pou ede nou sèvi-w pi byen. Nou fè sa se pou tout pwogram nou yo kapab byen fonksyone epitou pou nou kap asire nou ke ou jwenn bon swen nan zafè lasante. Pa ekzanp, nou kapab sèvi ak enfòmasyon sou ou pou nou kapab fè yon revizyon nan tretman ak sèvis ke wap resevwa nan men doktè nou yo. Nou kapab tou makonnen enfòmasyon sou plizyè malad pou nou kab wè si nou dwe ajoute nan sèvis ke nou bayo, si genyen nou dwe retire, ki tretman ki bon. Nou kapab bay moun sa yo tankou doktè, enfimyè, teknisyen, elèv kab etidye nan zafè lasante ak lòt kalite moun enfòmasyon sou ou pou yo kapab egzamine epitou pou yo kapab aprann sou li. Nou kapab tou sèvi ak enfòmasyon nou genyen pou nou konpare yo ak sa lòt kote genyen pou nou kapab wè si nou dwe pote yon shanjman nan kalite sèvis ke nap bay. Nou kapab retire non ou nan enfòmasyon sa yo epi nou bay etidyan yo, konsa pesonn pa konnen pou ki yès li ye ou byen ki moun ki gen jan de maladi sa-a.
- ❖ **Pou fè-w Sonje Randevou-w.** Nou kapab sèvi ak dosye-w poun kontakte-w pou fè-w konnen ke ou gen yon randevou.
- ❖ **Pou Shanje Tretman-w.** Nou kapab sèvi ak dosye-w pou ede-w nan jwenn yon pi bon jan pou-w kapab trete.
- ❖ **Sèvis epitou Benefis ki Gen Pou Wè Ak Lasante-w.** Nou kapab sèvi epi bay enfòmasyon sou sante-w poun ka fè-w konnen tout sa ke w ka jwenn kòm benefis osinon sevis ki bon pou w.
- ❖ **Sou Liv Ki Nan Kay Health Care District La.** Si ou rete nan Kay Edward J. Healey Center ya, nou kapab pa mete tout enfòmasyon sou ou nan liv sila-a. Enfòmasyon-w ka jwenn se enfòmasyon tankou non ou, kote ou ye andedan-an, kondisyon ou nan yon fason jeneral (sa vle di si ou nòmal ou byen si ou estab, elatrye...) epitou ki relijyon-w. Moun ki mande pou ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo. Menm si yo site non-w lè yo mande pou ou, nou gen dwa pa bay enfòmasyon sa yo. Moun ki ka jwenn enfòmasyon sou relijyon-w se pè osinon yon pastè. Se sèlman pou fanmi-w, pastè-w ak zanmi-w kap wè epi tou kapab konnen kouman ou ye lè yo mande pou ou nan lopital la. W gen dwa mande Direktè Sèvis Sosyal la pou pa bay enfòmasyon sa yo.
- ❖ **Pou moun kap Pran Swen-w Ou Si Non Kap Peye Pou Sa.** Li posib pou nou bay yon zanmi ou byen yon manm fanmi-w ki fè pati de moun kab ba-w swen nan lasante enfòmasyon sou ou. Nou kapab di yo tou kouman ou ye si-w rete nan sant la. Epitou nou kapab bay yon òganizasyon kap soulaje moun aprè yon dezaz enfòmasyon sou ou pou fanmi-w kap konnen nan ki kondisyon ak ki kote ou ye.
- ❖ **Reshèsh.** Gen lòt sikonstans kote nou bay enfòmasyon sou ou pou yo kapab fè reshesh. Pa ekzanp, yo gen dwa fè yon reshèsh sou de gwoup moun malad kap resevwa de kalite medicaman pou menn maladi ya. Tout reshèsh fèt pou jwenn pèmasyon avan li fèt. Nan travay sa-a yo gade ki enpòtan reshèsh la sou sante moun yo. Li fèt pou jwenn pèmasyon avan, men nou kapab tou bay enfòmasyon sa yo a moun kap prepare yon travay reshèsh, pa ekzanp, pou ede yo shèshe moun ki gen yon bezwen medical espesyal, men fòk enfòmasyon sa-a pa kite Healthy Palm Beaches, Inc. Nou pap janm pa mande-w pèmasyon-w si moun kap fè reshèsh la mande non-w, adrès ou osinon lòt enfòmasyon kap di ki moun ou ye.

- ❖ **Jan Lalwa Mandel.** Nou bay enfòmasyon sou zafè sante se lè lalwa kote nap viv la mande sa ak lè lalwa federal la mande sa.
- ❖ **Pou Evite Gwo Pwoblèm Nan Zafè Lasante.** Nou kapab sèvi ak enfòmasyon sou ou lè li nesèsè pou nou evite yon pwoblèm ki ka menase sante-w, sante pa yon lot moun ou si non yon pakèt lot moun. Menm la tou, enfòmasyon sa-a pral jwenn yon moun kap okipe de sa.

### **SITYASYON ESPESYAL**

- ❖ **Moun Kap Bay Tisi Ak Ogan.** Siw se yon moun ki dakò pou bay ògan, nou kapab bay òganizasyon ki okipe zafè resevwa ògan ou byen tisi enfòmasyon
- ❖ **Rekonpans Pou Travaye.** Nou kapab bay enfòmasyon sou ou a pwogram sa-a ki se rekonpans pou travayè (Workers' Compensation) osinon a nenpòt pwogram ki sanble ak sa. Pwogram sa yo bay moun ki pran shòk nan travay ou byen maladi benefis.
- ❖ **Risk Pou Sante Piblik.** Nou ka bay enfòmasyon medical sou ou pou aktivite sante piblik. Nan aktivite si la yo ou jwenn:
  - ❑ Pou evite ak kontròl maladi, domaj, ou byen kokobe;
  - ❑ Pou fè konnen gen moun ki fèt ou byen ki mouri;
  - ❑ Pou pote rapò sou timoun ke yap maltrete ou byen neglije;
  - ❑ Pou rapòte nenpòt pwoblèm ki gen pou wè ak yon remèd yon moun pran ou byen yon lòt bagay;
  - ❑ Pou fè moun konnen bagay yo pa fèt pou sèvi avèyo;
  - ❑ Pou avèti yon moun ki nan yon kondisyon poul trape yon maladi ou byen bay lòt moun yon maladi;
  - ❑ Pou rapòte otorite yo si nou konnen ke yap mal trete yon malad ou byen yap neglije li, ou byen ankò gen moun yap maltrete lakay yo. Nap bay enfòmasyon sa yo senpleman si ou dakò ou byen lè leta mande yo daprè lalwa.
- ❖ **Aktivite Sou Kontrol Lasante.** Nou kapab bay enfòmasyon sou ou a nenpòt ajans kap kontrole aktivite sou lasante dapre lalwa. Jan de kontrol sa yo genyen odit, envestigasyon, enspeksyon, epitou zafe lisans. Aktivite sa yo nesese anpil pou gouvèlman-an kapab gen je louvre sou sistèm lasante ya, pwogram li yo nan mashe men nan men ak dwa tout moun.
- ❖ **Pwosè ak dispit.** Si ou nan yon pwosè o sinon yon dispit, nou ka bay enfòmasyon sou sante-w si tribinal o sinon si leta mandel. Nou kapab bay enfòmasyon sou ou tou si yo ta mande nou al fè deklarasyon nan tribinal, o sinon lòt bagay ke lalwa ta mande, men tou fòk nou ta fè-w konnen epi mande otorite yo pou pwoteje enfòmasyon sa yo.
- ❖ **Fe respekte lalwa.** Nou kapab bay enfòmasyon sou ou si lapolis ta mande sa:
  - Si tribinal ta mande sa, la polis ou byen tout lòt bagay ki ta sanble ak sa.
  - Poun idantifye yon sispèk o sinon montre kote li ye, yon moun ki nan kashe, yon moun ki pèdi.
  - An palan de yon viktim nan yon zak kriminel si nan yon seri de sikonstans, nou paka jwenn moun nan pou nou pran pèmisyon nan menl.
  - An palan de yon lanmò nou kwè ki kapab rezilta yon zak kriminel.
  - An palan de zak kriminel nan kay la; epi
  - Nan ka près pou denonse yon krim; kote krim nan fèt; ou byen idantite moun ki fè krim nan ak kote li ye.
- ❖ **Moun kap Mennen ankèt sou Lanmò, kap Ekzamine kò moun, Sak responsab Antèman.** Nou kapab bay moun nou site la yo enfòmasyon sou ou. Sa kapab nesèsè, pa ekzanp, pou yo ka idantifye yon moun ki mouri ou byen jwenn sak touyel . Nou kapab bay moun ki responsab antèman enfòmasyon lè sa nesèsè sou malad ki nan Healthy Palm Beaches, Inc. pou ede yo fè travay yo.

- ❖ **Sekirite Pevi-a ak Travay Ranmase Enfòmasyon.** Nou kapab bay tout otorite kap shèshe konnen pou ka bay prezidan-an pwoteksyon enfòmasyon sou zafè lasante-w, lòt moun ki gen pemisyon mennen ankèt espesyal.
- ❖ **Sevis Pou Pwoteksyon Prezidan-an Ak Lòt Moun.** Nou ka bay ofisyel federal yo enfòmasyon sou w pou yo ka pwoteje prezidan-an, lòt moun osinon moun ki nan tèt state yo, osinon pou mennen ankèt.
- ❖ **Moun ki Nan Prizon.** Si ou nan yon prizon kote ki pou korije-w o si non nan men nenpòt leta, nou kapab bay prizon-an o si non leta enfòmasyon sou lasante-w. Sa tap nesèsè (1) pou prizon-an ka ba-w swen lasante; (2) pou pwoteje sante pa-w o sinon sante pa lòt moun; o sinon (3) pou pwoteje prizon-an.

## **DWA KE-W GENYEN NAN ZAFÈ BAY ENFOMASYON SOU OU**

Men dwa ke-w genyen nan zafè enfòmasyon ke nou sere sou sante-w:

- ❖ **Dwa Pou-w enspekte ak kopye.** Ou gen dwa pou-w wè epitou kopye enfòmasyon sou lasante-w ki kapab sèvi pou pran desizyon sou swen ke yap ba ou. Souvan, enfòmasyon sa yo konn sou sante-w ak voye dosye ki gen pou wè ak zafè voye bodwo pou shaje pou swen ke yon moun jwenn, men sa ki pa ladanl se enfòmasyon ki gen poul wè ak tretman moun ki gen pwoblèm nan tèt.

W fèt pou prezante demand ou pa ekri bay moun ki responsab pou fè sa-a. Si-w fè demand kopi yon enfòmasyon, nou ka byen shaje yon ti lajan pou frè kopi-ya, voyel ale lapos, ou byen tout lot bagay ki gen pou wè ak sa. Nan pifò ka yo nou reponn w nan yon dire 30 jou.

Nou ka refize kite-w we epitou kopye enfòmasyon sa yo nan yon seri de sikonstans. Si nou ta refize-w sa, ou ka toujou mande pou yo rekonsidere demand ou-a. Yon lòt pwofesyonèl nan zafè lasante ki gen lisans ke Healthy Palm Beaches, Inc. shwazi va genyen poul fè sa. Moun ki va gen poul revize ka- se pa menm moun ki te refize-w la. Nap aksepte tout rezilta ki ta soti nan revizyon sa-a. Se rezilta sa-a kap gen valè.

- ❖ **Dwa pou shanjman fèt.** Si-w santi ke enfòmasyon ke nou genyen sou sante-w pa nòmal ou byen pa kòrèk, ou ka mande nou pou nou pote shanjman ladan yo. Ou gen dwa pou ou mande shanjman-an toutotan Healthy Palm Beaches, Inc. kenbe enfòmasyon sa yo ou byen ap sèvi ak yo.

Demand ou fèt pou fèt pa ekri epi pou bay moun ki responsab zafè sa-a li. Epi fòk ou kapab bay yon rezon valab pou demand la. Nan pifò ka, nou reponn w nan yon dire ki pa depase 60 jou.

Nou kapab refize yon demand si zanka li pa fèt pa ekri ou sinon li pa gen yon rezon valab. Nou kab refize demand ou si-w mande poun shaje enfòmasyon:

- Ke nou menm pat kreye, amwen ke òganizasyon ou byen moun ki te kreyel la pa la pou fè shanjman-an
- Ki pa fè pati de enfòmasyon ke Healthy Palm Beaches, Inc. kenbe ou byen bay kenbe.
- Ki pa fè pati de enfòmasyon ke nou pèmèt ou kopye ou byen enspekte; ou byen
- Ki ekzak epitou konplè.

- ❖ **Dwa Pou Mande Pou Tout Sa Yo Bay Kom Enfòmasyon Sou Ou.** Ou gen dwa pou ou mande yon lis tout enfòmasyon ke nou bay sou ou. Lis sa-a pa gen bagay sa yo ladanl tankou:

- Enfòmasyon sou tretman, pou peye, osinon sou aktivite sou lasante
- Bay pwòp wmenm enfòmasyon.
- Enfòmasyon ke wmenm pemet deja.
- Enfòmasyon pou liv pa nou an.
- Enfòmasyon pou moun kap baw laswenyay, tankou fanmi-w osinon zanmi.

Ou dwe fè demand la pa ekre epi bay moun ki responsab zafè sa-a li. Demand ou-a pa fèt pou gen yon delè ki depase sis lane epi li pa fèt pou gen dat avan 14 avril, 2003. Demand ou-a fèt pou fè nou konnen nan ki fòm ou vle lis la (pa ekzanp, sou papye, o sinon pa konpitè). Premye lis ou mande ya nan yon tan ki pa depase 12 mwa ap gratis. Pou tout lòt lis, nou ka shaje-w pri ke nou depanse pou fè lis la. Nap fè-w konnen konbyen sa koute nou, epi ou menm wap gen posiblite pou-w Aksepte ou byen pou bay vag ou byen shanje demand la anvan koze lajan met pye.

- ❖ **Dwa pou Mande yon limit.** Ou gen dwa pou-w mete yon limit nan enfòmasyon ke nap bay sou ou pou pwòp tretman-ou ou byen pou peye lajan pou travay doktè fè pou ou. Ou ka mete limit tou sou enfòmasyon ke nap bay moun kap pran swen-w ou byen moun ke nap peye pou ou, tankou yon manm nan fanmi-w osinon yon zanmi. Pa ekzanp, ou ka mande nou pou nou pa bay okenn moun enfòmasyon sou yon operasyon ke ou te fè.

**Nou pa oblije dakò ak demand ou-a.** Si nou dakò, nap reponn demand ou-a sil dwe sèvi pou sove lavi-w.

Ou dwe fè demand la pa ekri bay ofisye ki okipe zafè sila-a. Nan demand ou-a, ou sipoze di nou (1) ki enfòmasyon ou vle pou gen limit; (2) si-w vle ba nou yon limit nan sèvi ak dosye-w ou byen bay lòt moun sèvi avèl ou byen tou lè de; epi (3) ki yès ou vlek pou gen limit la, pa ekzanp pou nou ta bay madanm ou ou byen mari-w enfòmasyon sou ou.

- ❖ **Dwa pou-w mande kominikasyon en sekre.** Ou gen dwa mande nou poun ba-w enfòmasyon sou sante-w an sekre. Pa ekzanp, ou gen dwa mande ke nou kontakte-w ou byen nan travay ou ou byen pa lapòs.

Ou dwe fè sa pa ekri bay ofisye ki responsab zafè sa-a. Nou pap mande-w pou ki rezon. Nap fè sa nou kapab poun satisfè tout bon demand. Demand ou-a fèt pou di ki bò ak kouman ou vle nou kontakte-w.

- ❖ **Dwa Pou Gen Yon Kopi Avètisman sa-a sou Papye.** Ou gen dwa gen yon kopi avètisman sa-a sou papye. Ou ka mande nou pou ba-ou yon kopi avètisman sa-a nenpòt lè. Menm si-w ta dakò pou resevwal pa konpitè, ou toujou gen dwa pou-w gen yon kopi sou papye.

Ou ka jwenn yon kopi avètisman sa-a nan entènèt nan: [www.healthypalmbeaches.org](http://www.healthypalmbeaches.org)

Pou jwenn yon kopi sou papye, rele ofisye ki responsab zafè sila-a nan 561-659-1270.

### **FE SHANJMAN NAN AVETISMAN SA-A**

- ❖ Nou gen dwa poun fè shanjman nan avètisman sa-a. Nou gen dwa pou nou mete an aplikasyon avètisman sa-a aprè ke nou fin fè shanjman ladanl pou enfòmasyon ke nou deja geyen sou lasante-w ak sa ke nap gen poun resevwa nan jou kab vini yo. Nap mete yon kopi avètisman sa-a nan shak sant osinon nan kay District la. Avètisman-an ap genyen nan premyè paj, anlè nan kwen bò dwat la, dat li koumanse. Konsa, shak fwa-w vini pou pran sèvis, yap ofri-w yon kopi avètisman sa-a.

### **PLENT**

Si ou panse yo vyole dwa ou genyen nan zafè prive ou, ou gen dwa pote plent bay Distrik la oswa Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen Lèzetazini. Lè w ap pote plent bay Distrik la, ou dwe fè sa alekri voye bay:

Healthy Palm Beaches, Inc.  
324 Datura Street-Suite 401  
West Palm Beach, FL 33401  
ATT: HIPAA Privacy Officer

**Yo pap pini-w poutèt ou pote plent.**

**LOT FASON YO SEVE AK ENFOMASYON SOU SANTE MOUN.**

Lòt fason yo ka sèvi ak enfòmasyon sou sante-w ki pa konsène avètisman sa-a ou byen lwa ki konsène nou ap kapab fèt sèlman si-w ekri yon pèmisyon. Si-w ekri yon pèmisyon banou pou nou sèvi ak enfòmasyon-w o sinon bay enfòmasyon sou lasante-w, ou ka elimine pèmisyon sa-a nenpòt lè. Si-w elimine pèmisyon sa-a, nou pap janm kapab bay o sinon sèvi ak enfòmasyon sou zafè sante-w pou rezon ke otorizasyon ke-w te ekri-a kouvri. Ou konprann ke nou pakapab repran okenn enfòmasyon ke nou deja bay sou zafè sante-w avèk pèmisyon-w, epi nou fèt poun kenbe dosye sou tout swen ke nou ba ou.